



PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL POU GWOUP TRAVAY ADMISYON LEKÒL EGZAMEN KOMITE LEKÒL BOSTON AN

21 Me 2021

Gwoup Travay Admisyon Lekòl Egzamen Komite Lekòl Boston an te fè yon reyinyon a distans nan jou 21 Me 2021 a 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan atik ki anba yo, ale sou <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, voye yon imèl nan feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo Komite Lekòl Boston an nan (617) 635-9014.

PREZANS

Exam Schools Admissions Task Force Members Present: Co-Chair Michael Contompasis; Co-Chair Tanisha Sullivan; Samuel Acevedo; Acacia Aguirre; Simon Chernow; Matt Gregor; Dr. Freeman-Wisdom, Zena Lum; Zoe Nagasawa; Rachel Skerritt; and Rosann Tung.

Exam Schools Admissions Task Force Members Absent: Katherine Grassa and Tamara Waite.

BPS Staff Present: Monica Roberts, Chief of Student, Family and Community Advancement; and Monica Hogan, Senior Executive Director of the Office of Data and Accountability.

DOKIMAN KI TE PREZANTE

Ajanda

Pwosè Vèbal Reyinyon: Reyinyon 14 Me 2021 an

Prezantasyon: Itilizasyon Tès nan Admisyon Lekòl Selektif, Dr. Lorrie Shepard, Pwofesè Distenge nan University of Colorado Boulder

Prezantasyon: Swivi sou Admisyon nan Lekòl Egzamen yo, 21 Me 2021

Kat Trak Resansman

APÈL A LÒD

M. Contompasis te rele reyinyon an a lòd. Li te anonsé te gen sèvis entèpretasyon similtane disponib an Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Vyètnamyen, Kantonè, Mandaren, Arab, Somalyen, Arabic, ak Lang Siy Ameriken (ASL); entèprèt yo te prezante tèt yo epi yo te bay enstriksyon nan lang natif natal yo sou kijan pou moun aksede entèpretasyon similtane depi yo chanje chèn Zoom nan.

Me. Parvex te rele woulo a. Me. Grassa ak Me. Waite te absan. M. Acevedo ak Me. Aguirre te rive apre apèl woulo a. Dr. Freeman-Wisdom te rive apre apèl woulo a epi li te pati avan nou te ajoutne.

APWOBASYON PWOSÈ VÈBAL REYINYON: 14 Me 2021

***Apwouve* – Gwoup Travay la te inaniman apwouve pwosè vèbal pou reyinyon Gwoup Travay Admisyon Lekòl Egzamen 14 Me 2021 an. Me. Sullivan te abstensi.**

PREZANTASYON

Dr. Tung te akeyi prezantè a pou sware a; Dr. Lorrie Shepard, Pwofesè Distenge nan University of Colorado Boulder. Dr. Shepard te prezante yon rapò titré, *Itilizasyon Tès nan Admisyon nan Lekòl Selektif*. Dr. Shepard te kòmanse pa prezante dilèm nan bezwen pou seleksyon elèv ki genyen konesans ak konpetans avantou pou patisipe nan kontèks ki difisil akademikman, pandan li konsyan ke tès estandardize yo gen korelasyon ak revni familyal. Li te eksplike ke nan admisyon nan inivèsite, mak te pi bon prediktè pase tès pase mak yo kimilatif epi mak yo reflete efò osi byen ke konpetans akademik. Epi tou li te eksplike ke tès estandardize yo montre yon pi gwo diferans ant gwooup, sitou an moun ameriken blan ak elèv afwo-ameriken ak panyòl ki istorikman majinalize.

Dr. Shepard te di li te enpòtan pou konnen ke etandone korelasyon previzib modere, moun pa jam dwe sèvi ak tès kòm si se mezi pafè de merit yo ye. Li te eksplike ke te genyen de pwen enpòtan konsènan evalyasyon NWEA MAP la. Premye a se te ke sèvi ak Fonksyonman Atik Diferansyèl (*Differential Item Functioning*) (DIF) pa fè yon tès ki pa gen fòskote, epi NWEA MAP la itilize inikman atik miltip-chwa oswa repons-seleksyon epi poutèt sa li pa kapab mezire aspè nan Kad Kourikoulòm Massachusetts la tankou modelizasyon ak agimantasyon. Li te fini nan di ke si Gwoup Travay la ta chwazi yon tès, li ta sipoze chwazi MCAS la kòm se yon pi bon tès.

M. Acevedo te eksplike ke pwoblèm ki genyen ak MCAS se ke yo pa administre li pou elèv ki pa asiste Lekòl Biblik Boston (BPS) yo. Dr. Shepard te di sèl si kontraktè sa ta gen volonte pèmèt yo administre tès la, distri a ta oblige chwazi solisyon ak denominatè komen ki pi ba a ki pa t ap ideyal, poutèt inifòmite li epi nòmalman inifòmite pa toujou pi jis.

Me. Sullivan te mande si genyen rechèch ki te sipòte ide ke evalyasyon kreye yon teren egal pou elèv yo. Dr. Shepard te di pa genyen, sitou depi se tès miltip-chwa, nivo ba. Me. Skerritt te mande ki rekòmandasyon yo ta bay pou yon mezi ki pou endike si elèv yo genyen konpetans nesesè pou anviwònman ki difisil akademikman an, an absans yon evalyasyon. Dr. Shepard te di

pozisyon pa li ta pou yo sèvi ak MCAS la pou elèv ki elijib yo ak NWEA pou elèv ki pa asiste BPS yo. Li te di tou ke li te swete manm Gwoup Travay la ta konsidere elèv ki klase pi wo nan lekòl nourisyè yo, epi pa sèvi ak yon tès.

M. Contompasis te di li te mande kijan pou idantifye elèv ki montre pwomès epi travay ak elèv sa yo epi ekilibre manipilasyon potansyèl de pwoesis la. Dr. Shepard te remake ke moun te ka manipile mak tou ak enflasyon mak, epi se poutèt sa li rekòmande gade mak ak ran nan klas. Li te di tou ke kèk lekòl ofri plis opòtinite pou elèv pa yo pase lòt lekòl, epi fòk yo deranje sa, sitou pa mande plis nominasyon nan lekòl ki pa te nourisyè istorikman.

M. Chernow te mande opinyon li sou kijan mak ak yon sistèm tiraj ta sanble. Dr. Shepard te eksplike li te panse yon tiraj pami tout sa ki kalifye yo t ap posib.

M. Gregor te mande li elaji sou ide sistèm nominasyon pa pwofesè. Dr. Shepard te di li ta sèvi ak nominasyon pwofesè ak premye 10% elèv yo ansanm, tankou yon pòtfolyo. Li te ajoute ke si yo fè premye 10% pou chak lekòl, an reyalite w ap asire patisipasyon pami tout lekòl yo.

Me. Sullivan te mande kijan yo te ka sèvi ak yon evalyasyon pou ede kreye yon poul, men pa kòm yon faktè detèminasyon nan yon pwendvi de seleksyon. Dr. Shepard te di pito yo diminye seleksyon an, yo t ap oblige genyen yon poul ki pi gwo lontan, selon tès kote tout moun te kalifye a. Apre sa sèvi ak yon lòt kritè, oswa seleksyone ak yon tiraj. Sa t ap yon fason pou repòn rijdite a san yo pa fè yon seleksyon desann anwo rive anba. Li te konkli nan di li ta bat bwavo pou yon rekòmandasyon ki te sòti nan Gwoup Travay la ki di nou pa sipoze fè lekòl elit ki plis sèvi sa ki te gen privilèj yo, kòm anpil plis elèv te ka benefisyé de kalite kourikoulòm yo bay sèlman twa lekòl elit yo.

Ko-Prezidan yo te remèsyé Dr. Shepard pou prezantasyon li epi yo te kontinye ak pwochen atik la sou ajanda a: lòt kritè yo; yo te mande revizyon done yo. Me. Hogan te pataje kay ak dyapozitif ki repòn a demann pou done ki potko konble yo, epi li te bay yon apèsi sou kijan pou yo gade done sa yo.

Apre sa yo te kontinye ak diskisyon pou kritè posib pou admisyon.

Me. Skerritt te di Gwoup Travay la te kapab potansyèlman kòmanse ak yon modèl ki déjà bati ak verifye, toulede an pratik, ak nan litij. Li te di li ta enterese nan modèl Chicago a, kòm yo fè kòmanse anwo desann anba andedan gwoup, jan Dr. Shepard te sijere a.

M. Contompasis te prezante kèk sigjesyon pou konsiderasyon pou kritè posib pou admisyon pou konsiderasyon:

- Konbinezon yon evalyasyon ak mwayen mak ak pwen.
- Yon evalyasyon ka sèvi pou detèmine preparasyon poul la oubyen li ka sèvi jan li te sèvi avan pou detèmine yon mak spesifik pou chak nan pati sa yo.
- Bay plis konsiderasyon pou fè yon sistèm etaje pou si yo te kenbe konbinezon 20% -80% lan, si yo te kontinye ap sèvi ak kòd postal ak revni mwayen familyal oswa ranplase li ak trak resansman yo.

- Ajoute 10 pwen sou mak total tout kandida ki aktyèlman ap asiste yon lekòl kote nivo povrete verifye a senkant poustan oswa pi wo.
- Fè distri a fè yon revizyon rezulta detanzantan ki jenere ak chanjman sa a. Sa a t ap oblige fêt avan yon pwolonje oswa renouvre yon kontra ak yon vandè.
- Develop epi aplike yon sondaj byennèt anyèl anonim pou elèv yo nan twa lekòl egzamen yo.
- Re-anfaze epi kenbe tès yo sou jou nan semèn nan pou elèv BPS yo, ak nan jou samdi, pou elèv ki pa asiste BPS yo..
- Kenbe tès ki pa kwonometre a pou elèv ki genyen Plan Edikatif Endividyle (IEP) ki egzije sa.
- Asire pwogram Gwoup Travay la rekòmande a, ki apwouve pa Komite Lekòl Boston an, konplètman finanse nan ane 4 a 6 nan chak lekòl BPS.
- Asire kan twa semèn nan pou aksepte elèv nan lekòl egzamen yo konplètman finanse epi soutni sou tan. Yo dwe founi sipò apwopriye pandan ane skolè a tou.

Me. Lum te di li ta renmen diskite posibilité de yon tiraj. Li te sijere tou ke olye de gade revni mwayen familyal yo, se pou yo gade fanmi ki nan poul kandida a pito.

Me. Nagasawa te di si yo te sèvi ak modèl Chicago a, li te panse yo te ka mande fanmi yo oto-rapòte revni familyal yo ak kantite manm nan fanmi yo.

M. Chernow te pwopoze yo pa bay yon tès, men pito yo konsantre sou twa kategori prensipal yo; GPA, si yo se elèv BPS, ak estati sosyo-ekonomik.

M. Creggor te di li enpòtan pou yo fè li klè ak fasil pou fanmi nan distri a konprann. Li te di tou pwopozisyon pou yo bay plis konsiderasyon pou tout elèv k ap asiste yon lekòl ki genyen yon pi gwo pwopòsyon elèv ki dezavantaje ekonomikman enterese li. Li te enterese fè plan pou premye 10 yo, oswa yon plan premye X poustan, sitou ak kèk nan lòt faktè yo tankou ide de nominasyon pa pwofesè yo.

KÒMANTÈ PIBLIK JENERAL

- Mika Liu, rezidan Chinatown, elèv lekòl Josiah Quincy Elementary, te temwaye kont politik kòd postal la.
- Suri Yang, rezidan West Roxbury, student, te temwaye kont politik kòd postal la.
- Elise Morgan, rezidan Jamaica Plain, paran elèv nan BPS, te temwaye konsènan enkyetid sou pwofesè nan lekòl nourisyè yo is pwosesis admision an baze sou mak.
- Shery Keleher, rezidan Charlestown, paran elèv nan BPS, te temwaye sou pwosesis priz desizyon an.
- Somy Kim, rezidan Mattapan, paran elèv nan BPS, te temwaye an favè chanje pwosesis admision nan lekòl egzamen Boston an.
- Derun Li, rezidan West Roxbury, paran, te temwaye kont politik kòd postal la.
- Karyn Li, rezidan Waltham, gradye Boston Latin School (BLS), te temwaye an favè chanje pwosesis admision nan lekòl egzamen Boston an.
- Steve Yang, rezidan West Roxbury, parent, te temwaye kont politik kòd postal la.

Reyinyon Gwoup Travay Admisyon Lekòl A Distans

Zoom

21 Me 2021

- Lauren Peter, rezidan Roslindale, paran yon elèv nan lekòl Ete, te temwaye an favè chanje pwosesis admisyon nan lekòl egzamen Boston an.
- Abby Machson-Carter, rezidan Roslindale, incoming paran elèv nan BPS, te temwaye an favè chanje pwosesis admisyon nan lekòl egzamen Boston an.
- Yufang Rong, rezidan West Roxbury, BLS parent, te temwaye an favè evalyasyon MAP la.
- Yuhong Jia, rezidan West Roxbury, paran elèv nan BPS, te temwaye kont politik kòd postal la epi li te bay sigjesyon pou Gwoup Travay la.

KÒMANTE AN KONKLIZYON

Me. Aguirre te mande yo tradwi pwosè vèbal reyinyon an nan tout lang majè nan BPS, ak plis aksesibilite lengwistik pou tout materyèl yo pou Gwoup Travay la.

AJOUNE

A aprepre 7:35 p.m., Komite a te vote inaniman, pa apèl woule, pou yo ajoune reyinyon an.

Atestasyon:



Lena Parvex
Asistant Administrativ